ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪУДОКІ

№64 (23.722) ● 2018 гъэм накъыгъэм (майм) и 23, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Урысей зэкъуэт» партым и Совет нэхъыщхьэмрэ Генеральнэ советымрэ зэщІыгъуу Москва щрагъэкІуэкІа зэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ

Пленар зэІущІэм къыщыпсэлъащ партым и тхьэмадэ, къэралым и премьер-министр Медведев Дмитрий.

ЗЭІУЩІЭМ хиубыдэу къызэрагъэпэща конференцым щІыналъэхэм утыку къыщрахьащ УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэува кьалэнхэр, Путин Владимир дызэрыт мазэм къыдигъэкІа указыщІэхэр гъэзэщІэнымкІэ зэфІагъэкІ щыта зэгурыІуэныгъэр гъэзэщІа зэрыхъум.

Тырныауз комбинатыр егъэжьэным ехьэлІауэ инженер-геологие къэхутэныгъэхэр зэфІагъэкІащ, а Іэнатіэр зыхуэфащэ сетхэм зэрыпащІэным хуагъэхьэзыращ. Іэхущ Іанпіэр экологие и лъэныкъуэкІэ дунейпсо мардэхэм иту щытынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанпіэ.

КІуэкІуэ Юрий Москва щыхуэзащ «Вольфрам» компание» акционер зэгухьэныгъэм и президент Горбачёв Михаил

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий лэжьыгъэ Іуэхукіэ дыгъуасэ Москва щыхуэзащ «Вольфрам» компание» акционер зэгухьэныгъэм и президент Горбачёв Михаил.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм рудар щагъэкъабзэ, абы кьыхаха металлхэм щеложь Іэнатіэкэр кьыщызэгъэпэщыным теухуауэ лъэныкъуитІым зэращІыпІауэ щыта зэгурыІуэныгъэр гъэзэщІа зэрыхъум.

Мы щыта зэІущІэм хэтахэр гупищу гуэшауэ тепсэлъыхьащ егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм зегъэужьыным кІэ къуэ кьалэнхэм.

КІуэкІуэ Юрий «Урысей зэкъуэтым» и Совет нэхъыщхьэм щыхагъэхьауэ щытащ 2017 гъэм и щІыпІэ мазэм екІуэкІа XVI съездым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанпіэ.

Ухуэныгъэм ирахьэлІэ иджырей материалхэр зыщэхухэр нэхъыбэ мэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ «ГЛАСС» жэуап зэхэгъэщхьэкІа зыхь зэгухьэныгъэм къыщІигъэкІ продукцэр щигъэлъэгъуащ иджыблагъэ Москва щекІуэкІа XXIV дунейпсо выставкэм. Абы щызэхуэсат ухуэныгъэм, унэхэр зехьэнымрэ гъэщІэрэщІэнымрэ пыщІа Іэхущ Іанпіэ ину кьэрал зэмыліУэужьыгъэм щыІэхэм я лІыкІуэхэр.

Выставкэр щекІуэкІ зэманым абы щІыху мин 65-м щигъу кьекІуэлІащ. «ГЛАСС» зэгухьэныгъэм игъэлъэгъуа продукцэр фІагъкІэ кьиузэрыхэщым и щІыхьэтщ ар зыщэхунухэм Урал федеральнэ округым, Кьрым Республикэр, Москва кьалэмрэ Москва областымрэ, Астрахань областыр, Краснодар крайр, Беларусь Республикэр кьиузэрыхэхьар.

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іанпіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщІидзащ волонтёрхэм я япэ съездым

● Дыгъуасэ

Зэхуэсым ипкъ иткІэ зэхэтынущ волонтёр зэщІэхъеенымгъэм зегъэужьыныкІэ мастер-классхэр, Урысейм и Волонтёр центрхэм я ассоциацэм хэтхэмрэ экспертхэмрэ я Іэзэгъыкіэ кьадэгугъэшэнщ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щынэхъыфІхэм я лэжьыгъэм зыхагъэгугъэзэнущ.

«ВОЛОНТЁР лэжьыгъэм, щІалэгъуалэм я зэхэщІыкІым Къэбэрдей-Балъкъэрым хуабжьу зыщиужьащ. Республикэм и волонтёрхэр сыт щыгъуи жьыджэру хэтщ къэралми дуней псоми кьыщрахьэжьэ Іузхугъуэхэм», - кьыхигъэщащ «Доброволец России» урысейпсо зэпеуэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэмкІэ и къэрал зэщІэгъэуІуэкІуэ Козак Еленэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым волонтёр лэжьыгъэм щыкІыгъэ щІэныгъэ мини 8,5-м щІигъу. Кьанэ щІагъуэ щымыІэу республикэм и еджапІэ псоми абы хэм я клубхэмрэ организацэхэмрэ кьыщІэзрагъэпэщащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанпіэ.

Іуащхьэмахуэ лъапэ курортыр илъэситІ лъандэрэ зэкІэлъыкІуэу къэралым щынэхъыфІу къалъытэ

Бгы-лыжэ курортым кьыхуагъэфэщащ «Спорт индустрием и пашэхэр» лъэпкъ саутэтыр. А дамыгъэр ягъэуващ спортым и щІымахуэ лІэужьыгъуэхэм, туризмэм зегъэужьыныкІэ нэхъ зэфІэкІышуэ кьэзыгъэлъагъэхэм иратын папщІэ.

Иджыпсту Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэ курортым хъэщІэщу, пансионату, нэгъуэщІ хэщІапІэу щэм щІигъу кьиузэІуебыдэ. Курортым щолажьэ здэщыІэ лъагагъым и лъэныкъуэкІэ Европэ псом щыпашэ кІапсэ гъуэгуу щы.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанпіэ.

● Хъыбар гуапэ

Кебеков Владимир и къулыкъущІэ

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и щІыналъэ кьудамэм и унафэщІ Кебеков Владимир иджыблагъэ хахащ а партым и депутатхэм я палатэм и Советым и унафэщІым и кьуэдзэу. Палатэм и Советыр партым и унафэщІ органщ икІи абы щІыху 20 хэтщ. Советым и Іэтащхьэщ УФ-м и Кьэрал Думэм и УнафэщІым и кьуэдзэ Епифановэ Ольгэ. Советым апхуэдэу хэтщ Кьэрал Думэм и депутату, партым и щІыналъэ кьудамэ нэхъ инхэм я унафэщІу нэгъуэщІ зыбжани.

Кебеков Владимир Сэфарбий и кьуэр Анзорей кьуажэм кьыщалъхуащ икІи абы дэт курыт школым щеджащ. Кавказ Ищхъэрэ бгы-металлургие институтымрэ КПСС-м и деж щыІа Парт школ нэхъыщхьэмрэ кьиухащ. Геолого-минералогие щІэныгъэхэм я кандидатщ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и энергетикщ, Урысейм щІыхь зиІэ и ухуакІуэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Осетие Ипщэм я дамыгъэхэр иІэщ, КъБР-м и Парламентым и иужьрей хэхьгъуищым я депутатщ.

Нобэ

● Азербайджаным щагъэлъапІэ Экологиемрэ щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ я лэжьакІуэхэм я махуэр

● Таджикистаным и щІалэгъуалэм я махуэщ

♦1769 гъэм франджы инженер Куньо Николэ зы сихьэтым километри 5 зыкІу япэ автомашинэр зэпкърилъхьауэ щытащ.

♦1879 гъэм урыс тхакІуэ цІэрыІуэ Тургенев Иван «Оксфорд университетым щІыхь зиІэ и доктор» цІэр къыфІащащ. Дуней псор кьапщтэми, тхакІуэхэм ящыщу аращ а цІэр япэ дыдэу зыхуагъэфэщащ.

♦1801 гъэм инджылыз инженер Тревитик Ричард базхэкІэ зекІуэ автомобиль къигупсысащ. Абы зы сыхьэтым километр 14,5-рэ икІуфырт.

♦1904 гъэм Венэ (Австрие) къыщызэІуахащ алыджурым бэнэкІэмкІэ япэ дунейпсо чемпионатыр.

♦1949 гъэм ФРГ-м и Конституцэр (Закон Нэхъыщхьэр) кьащтащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ хэІущІыпІу ящІащ Германие Федеративнэ Республикэ къызэрыунэхуар.

♦Швецием щыщ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ, а къэралым щІэныгъэхэмкІэ и академием и япэ президенту щыта, кьэкІыгъэхэм, псэущхьэхэм я дунейкэр классификацэ зэрыгъэхьэхуІа **Линней Карл** къызэралъхуэрэ илъэс 311-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист, Хэку зауэшхуэм хахуэу зэрыхэтам и дамыгъэ куэд зыхуагъэфэща **Чухрай Григорий** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Шахматист цІэрыІуэ, дуней псом и чемпион, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, УФ-м и Кьэрал Думэм и депутату щыта **Карпов Анатолий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Адыгэ хьэрычэтыщІэ цІэрыІуэ, «Шиферник» ОАО-м (Краснодар) и генеральнэ директор **Сагуэ Хьид** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Гузеева Лариса** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Адыгэр вакъэ лъэныкъуэу шхэркъым, шхэурэ уэрэд жиІэркъым.

«Дыхуейкъым зауэ! Зауэм дригъэзэжащ»

● Пэкіу

Адыгэ Хэкур и гурыфІыгъуэу лъэпкъышхуэр зэгуэр псэуат, ауэ абы и натІэ кърикІуам ар зэбгригъэщащи, накъыгъэм и 21-р и Щыгъуэщ Іэж махуэщ. Илъэси 154-рэ и пэкІэ иуха Кавказ зауэм зи щхьэ хэзылъхьахэмрэ зи лъэхэр зыбгынэн хуей хъуэхэмрэ ягу къыщагъэкІыж фэеплъ махуэм Налшык кьалэм дэт «Псэ жыгым» деж пэкІу щекІуэкІащ. Къызэхуэса щыхушхуэм яхэтт Тыркум, Йорданием, Израилым, Сириием, Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтхэм кьикІа ди лъэпкъэгъу 45-м щигъу.

- АДЫГЭ лъэпкъым ди щыгъуэ махуэщ. ГъащІэр Іэфщ, ауэ напІэ дзхьеигъуэм хуэдизщи, зы лъэхъэнэм лъэхъэнэ кьигъэщІурэ йокІуэкІ. Зэманым сыт хуэдэу зихъэжми, нобэ адыгэ лъэпкъыр зи тхыдэр, хабзэр зыщыгъупщэжа лъэпкъхэм ящыщкъым. Абы зэпымыууэ япэ итахэр игу къеГэкІыж икІи си гуапэщ дахуэфэщэн щІэблэ дыхьунэ. Адыгэ лъэпкъыр зыхэта насыпынщагъэм кьытримыгъэзэжын Тхьэм ищІ! - жиІащ пэкІур къыщызэІуихым КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

Абы псалъэ зрита Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** жиІащ: «Ныбжьэгъу лъапІэхэ! Тхыдэджхэм къызэралытэмкІэ ильэси 154-рэ и пэкІэ ди адыгэ лъэпкъыр зыхэта зауэм нэхъ гущІэгъунщэ дуней псом щекІуэкІакъым. Лъэпкъым абы кьыхухьа хэщІыныгъэр зыхуэдизыр кьэлъыхтэгъуейщ. Аращ нобэр кьыздэсым щІытщІымыгъупщэр, дыркъуэу ди псэм кьыщІытенар. ЦІыхуипщІым ящыщу зыр Хэкум кьинауэ аращ, адрейр зауэм хэкІуэдащ е абы и щхьэр Хэкум ирихын хуей хъуащ. Ди лъэпкъэгъуэр нобэ кьэрал 54-м щопсэу. Зэрыс щІыналъэхэм я хабзэ яІэжщи, абыхэм ахэр темыту хъурхьаи, ауэ дыхуейт адэжь Хэкур, лъэпкъыр кьиузэрацІыху адыгагъэр, нэмысыр, бзэр зыми зэи ящымыгъупщэу псэуну. Зэманым зыми кьыхуегъэгъэзэжакъым. Лъэпкъыр ипэкІэ дыплъэн хуейщ. Адыгэ хабзэм, нэмысым, фащэм я мыхьэнэм ди щІэблэр зэрыщІэтпІыкІыным, дызэрыт зэманым хуэфащэ щІэныгъэ абыхэм зэреттыным дыхуэсакъыпхъэщ. Лъэпкъыр щефІэкІуэнур дызэрыІыгъыу, дызэрыгъуэгу, ди бзэр зыІэщІэдмыгъэкуу дыпсэумэщ. Анэдэлъхубзэр хъумэным кьупыкъущІэри цІыху кьиузэрыгуэкІри, зэрыжаІэу, кьидгурыІуэу дытелэжьэн хуейщ. Ди тхыдэм, ди адэжьхэм я фэеплъым пщІэ хуэтщІыныр ди хьэкъыу кьизолъытэ. Адыгэм икъукІэ тхыдэшхуэ и щІыбагъ кьидэлъщ, ар лъэпкъ куэдым я ныбжьэгъуу кьекІуэкІащ. БлэкІар тщыгъупщэ щІэмыхъуныр зыгуэрым зедгъэщІэжын щхьэкІэжьым. УщІэгушхуэнщ ди лъэпкъым кьыхэкІа куэдым ди зэманым ехьулІэныгъэшхуэхэр кьиузэрагъэлъагъэр, кьулыкъушхуэхэр яІыгъыу хамэ кьэралхэм кьиузэрыщыхэщыр. Сыхуейт кьыщІэкІуэтей ди щІэблэри гъэсэныгъэ хэлъу, нэхъыжьым жиІэм едаІуэу, кьэкІуэным гудзакъэ хуиІэу кьэхъуну. Ди Іуэхур кьыддэзыІыгъыну кьекІуэлІа псоми фыщІэ яхузощ».

Сыхьэт 12-м адыгэу дунейм тетыр дакъикъэкІэ щыму щытащ, Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъ.

Пэкіум кьурикъэлІа нэхъыжьхэм яхэтт Тыркум 1982 гъэм къиІэпхъуКІыжауэ Налшык щыпсэу **Бланэмыхь Фахьми**. Ар илъэс 12-кІэ Истамбыл дэт Хасэм и Іуэхухэр зэриГэкІуэу лэжьащ. Абы дыщигъэгъуэзащ иджыпсту и нэм фІыуэ имылъагъужми, сыт щыгъуи адыгэ Іузхухэм зэреблагъэм, и лъэпкъэгъуэм яхэтыну зэрыфІэфІым. «Нобэрей махуэм узэгупсысын куэд хэлъщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Тхыдэр, лъэпкъым ифІ зыхэлъхэр зыщывмыгъэгъупщэ

● Щыгъуэ-щІэж махуэ

Хабзэ зэрыхъуам тету, Адыгэхэм я щыгъуэ-щІэж махуэм - накъыгъэм и 21-м - и пщэдджыжьыпэм щІыхуэхэр жьыуэ щызэхуэсащ Налшык кьалэ и гъуэгу гъуэгу станцым и гупэм къит утыкум.

МЫБЕДЖЫМ кІуэ пэтми нэхъыбэж щызэрыгъэхъурт лъэпкъым кьыттепсыхауэ щыта мыгъуагъэр зыщыбгъэгъупщэнкІэ Іэмал зэримыІэр, абы и дерсхэм дяпэкІи иригъуззэным и мыхьэнэр зэрыиныр кьызыгурыІуэхэр, Урыс-Кавказ зауэм хэкІуэда ди адэжьхэм зи щхьэр яхуэзыгъэщхьыну мурад зыщІа нэхъыжьыфІхэмрэ щІалэгъуалэмрэ.

Адыгэ ныпыр уардэу зыщхьащыбыбыкІ, лъэпкъым ди бзэр, ди хабзэр хъумэным кьыхуезыджэ тхыгъэхэр зытет щэкІ удзыфэхэр зыІыгъ щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ нэхъыжьхэр кьаувыхьащ.

- Нобэрей Іуэхум фыхэтыну фыкъызэрекІуэлІам папщІэ фІыщІэ ин фхудощІ! - захуигъэзащ къызэхуэсахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуІу советым и тхьэмадэ Къалмыкъ Жызлэбий. - Фыкъыхудоджэ, хабзэм демыбакъуэу, зэпІэзэрыту, гъэсэныгъэ куу зэрыдбгъэдэлъыр кьыддалъагъуу Налшык и уэрам нэхъыщхьэм дрикІуэну. МыдэкІэ. Мыпхуэдэ ди зэхуэсхэм кьыхьыхьэхэр дынэхъыбэху лъэпкъым дежкІэ нэхъыфІщ, цІыхубэми властым щыщхэми ди гурыгъуэгурыщІэхэр зэхащІыкІыным, ди жыІэр нэхъ зэхахыным хуэгъэзауэ. Адыгэхэм зыкъэтщІэжын, зыкъэдужьыжьын папщІэ, дяпэкІи къыптэщІылъыр нэхъыбэжщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, псом япэ идгъэщыпхъэхэм ящыщу сэ къызолъытэ бзэм и Іуэхур кьэІэтыжьыныр. Мыдрейуэ. Мы гъэм и фокІадэм илъэс 310-рэ ирокъу Къэбэрдейм и тхьэм лъэужьышхуэ кьыщызына Къэнжал зауэр зэриухрэ. Абы текІуэныгъэшхуэ ди адэжьхэм кьиузэрыщахьар гъэлъапІэнэм иджыпсту щыщІэдзауэ зыхудогъэхьэзыр.

Ауэрэ дыздэщытым, хъыбар кьэІуащ кьалэм и щыгъэжанІэм кьыиуКІа шууейхэр гъунэгъу кьиузэрыхуамкІэ. Гъэгум и лъэныкъуитІымкІи щиувыкІа цІыхухэр а дакъикъэм нэхъыбэж хъуащ, псоми я нэгум гушхуагъэ ин кьищу.

Шы лъэмакъым зэман жыжьэхэм ихьыжа ди гупсысэм нэхъри нэхъ кууэ зидзащ уэрам нэхъыщхьэм и кьыщІэдзапІэ дыдэм деж щашэщІа, Урыс-Кавказ зауэжьым и зэманым зи лъахэр зыхъумэжу зи псэр зыта, а лъэхъэнэм ІныгъэшхуэУ зеэзыхьа хэкупсэхэм ящыщхэм я цІэ-унэцІэхэр кьыщыхьа щэкІ удзыфэ кІыхьым дызэрыІупльэу. Ар хуэсакъыпэу яІыгът лъэпкъ фащэ кьекІуэкІ зэщІыхуэпыкІа щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и псалъэ.

Балъкъэр пщащэм и усэ телъыджэ

Тхыдэ лъагъуэр гъуащэрхьыми - лІэужьыбзэ бзащхъуэркъым. ПхуэзщІэнщ-тІэ щІэблэм и жьэ!

Гулиевэ Джамиля ныбжьыщІэщ. Нэрылъагъущ пщащэ цыкІур щІэныгъэ тхылъ куэд зэрыщІэджыкІар. Нэхъыжь-нэхъыфІ гуэрхэм ягу тхупымыкІар балъкъэр пщащэм псоми кьагурыІуэн урысыбзэ узэщІакІэ, зы жьыІурыхьэгъуэу, кьыхущІэгъэльащ! УкьеГъэуІэбжь сабийм и зэхэщІыкІым... Хьэуэ, сабийкъым ар, Джамиля, истамбылакІуэхэм гъуэгуанэр ядихьэсу тхыдэ тхъугъэм кьыхэІуКІыжа макъ жьгъыру лъагэщ.

ФІыщІэ лей хуэфащэщ мыпхуэдэ бын зи лъапсэ кьыщыхъу Гулиев Магомет. Мы гъэм курыт еджапІэр «дыщэкІэ» кьэзыух пщащэм фІыуэ щыІэмкІэ дохъэзыху.

Джамиля, си лъэпкъэгъуэхэм кьабгъэдэкІыу, си щхьэкІэ сыпхуохуапсэ Уафэм кьехам я нэхъ фІыгъуэ лъэщыр - щІэныгъэр - адэкІи гъуэгуанэ бгъуфІэ пхуэхъуну. Тхьэм уи Іущыгъэр иузэщІ.

КЪАРМЭ Іэсият.

Мухьэжырхэр

Хилъафэу псыщхьэм бзий кІэкъуащІэр,
Вагъуэ лэгъупым мазэ щос;
ЛІэщІыгъуэ ябгэм и уэ гуащІэр,
Пащтыхьыжь зауэу бгъэм щогъэ...
Зэгуэр щхъуантІагъэу щыта лъахэр
Къалэ кІэгъуасэм есеиж,
ИтІани щыму къурш зэхэтхэм
Зауэ хьэдагъэр ягъэвыж:
Хохьэж лІэщІыгъуэм мухьэжырхэр,
Къызэхъуэпсэкіыуэр хохьэж...
Гущхьэ уІэгъэу, уэрдыхъу жырхэр
Тхыдэжь нэлату здалъэфыж.
Къызэранэкі жылэ нэщхъейхэр,
Гъуэгуанэ егъур щыму яху.
ЩІакъуэзу жьэпкъыж, къурмакъейхэр
КІэзызу, лъахэ гъыбзэ яхь.
Тенджыз фІыщІэжьу узыжь жьантІэр
Къапоплъэ ахэм хьэдэгъэпскІыу,
Толъкъунхэм сыт а псом хуаІуэху-тІэ...
Толъкъунщ ар, жьым ириудэкІыу.
Тенджызым адэкІэ,Тырку жагъуэм
Гум ешыкъылІэу ІупщІэ ещІ -
А псомя яридзыжу лыгъэ,
Тхыдэ гъуэщам и гъуэгу хегъэщІ.
Бзылъхугъэ хейм и пыхь-хыщІэм
Сабийр къыдэкІэу мэгулэз,
Псэ зэгъэжахэм я Іущащэм
Адыгэ лъахэр зэпегъэз!
.....
Сэраш ар! СыкІуэм - сыІуКІуэту,
Псыпыху пшынальэм сыщІодэІу,
Къуршыбгъэм лъатэурэ зиІэту,
Кьыр тхъуахэм си щІэкІэ ІолъэІу:
Си кІэтІий кІапэм и уэ кІэнщэ
Мыбдеж, зэхэпхрэ... Къыщызонэ?!
Уоу, къару лъэщыр зиІэ Тхьэшхуэ,
Мыжурэ пэбдзым къыпызонэ!
ЩІакІуэ фІыщІагъэу зыкъашийуэ,
Кхъащхьэ дияхэр къыскІэлъопъ,
Лъыкъуалэ пыжрэ сэр яшийуэ
Къихьахэр... Тхьэм хуэогъэтІылъ.
Къэзгъэзэжынущ, хэку дахащэ,
(Си бгъэчыр гугъэм якІэзгуех...)
Тхыдэ нэщІащэу, уэчыл щхьэщэу -
Псэхъуапсэм ищІэркъым кІэух!

ГУЛИЕВЭ Джамиля,
11-нэ классым и еджакІуэ.
Эльбрус къуажэ.

«Дыхуейкъым зауэ! Зауэм дригъэзэшащ»

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Ауэ си дежкІэ нэхъыщхьэраци, щІэблэр зэкъупсэу кьыззырдгъэхъунырщ зиужь дитын хуейр. Нобэ лъэпкъышхэу дыхэсми, хьарзынэу дыкъызэздогъуэгурыкІуэф, Іуэху дахэ длэжьу, мамыру допсэури, ар кУэд и уасэу кьызэолытэ, - жиІащ нэхъыжьым. -Ныкъусаныгъэ зимыІэ щыІэкъыми, арэзы сыкъэзымыщІ зы Іуэху щыІэщ. Псом япэу ар адыгэ Іуэху зезыхъэу Зэкум къэкІуэжьыр зэрымащІэрщ. Зэкупсэу щытмэ, цІыхум имышэчынрэ хуэмыщІэнрэ щыІэн хуейуэ кьыСщыхъурхъым. Мыр ди Зэкущ, дызыхэсыр ди лъэпкъщ, адыгагъэ тхэлъу дызэздэпсэуныр псом япэщ. Сэри гугъуехь мащІэкъым слъэгъуар си лъахэм сыкъыщыкІуэжкъым, ауэ ахэр си псэм щІы-дзэуар си Зэкур зэрыгъэгъэжарт. КъэкІуэжьну зигу ильыр нэхъыбамэ, ди гур нэхъ псэхунт».

ЛъэнкІэпашэхэ Мухьэмэд (и Іэщ1агъэкІэ юристщ) Сириием къикІыжащ и унагъуэр и гъусэу. Абыи мы Іуэхум хэтыну зыкъригъэхьэлІат. «Илъэси 10-м щІигъуааэ дыщопсэу ди лъаэм дыкъэІэпхъуэжауэ. Зы илъэси дзкІыркъым Адыгэм и щыгъуэщІэж махуэм екІуэкІ Іуэхухэм ди лъэпкъым и гъусэу дыхэмыту, - къыддогуашэ Мухьэмэд. - Шэч хэмылъу, дэтхэнэми ди гуращэр адыгэр зы дыхъужныырщ, дызэрыгъуэтыжныырщ. Сэ адыгэ щІынальэр си гум зэпымыууэ ильэ, унагъуэм ди быным адыгэбзэкІэ фІэкІа дыщепсэльакъым. ЩІалицІэр зы хъыджэбзрэ къытщІэхъуащи, зыщІэдгъэдэІуар адыгэбзэм, адыгэ хабзэм, нэмысым я ІыпІагъырщ. Аращи, хамэщІ дыщыпсэууэ псоми я анэдэлъхубзэр зэредгъэщІэфам орогушхуэ. Адыгэр дызэрыгъуэтыжу Зэкущхуэ дыхъужьныр нэхъ хъуэпсапІэ диІэкъым. Тхьэм хуитыныгъэ, мамыругъэ кьыдит. Адыгэм кьытехьа лейр дызэрыс къэралым зыхищІыкІыну дыхуейт, абы щыгъуэм ар щІэгъэкъуэныщхуэ кьытхуэхъунут адыгэхэм я Зэкур ягъуэтыжьнымкІэ».

ЦІыху уэру зэхэтым щхьэж гупсысэ щхьэхуэ щэхуу иІэжт ЩыгъуэУ махуэм. Абыхэм ящыщт Сириием илъэситхУ ипэкІэ къикІыжа, Нартан къуажэм дэс **Къущхьэ Надим**. «Адыгэм и щыгъуэ-щІэж махуэм Кавказ зауэшхуэр ди нэгум къыщІохьэ, - жиІащ Надим. - Абы ди лъэпкъышхуэр зэкъуичащ, Зэкур нэщІ ищІащ. КУэдыр хым хэкІуэдащ, бдзэжьей Іус хъуащ. Хамэ щыІпІэм кІуам я нэхъыбэр нэгъуэщІ лъэпкъхэм хошыпсыхьыж. Адыгэм гугъуехьу и псэм игъэвамрэ нэпсу щІигъэкІамрэ мащІэкъым, ар къызэрыпхуэІуэтэфын псаЛи кьыпхуигъэтыну си фІэщ хъуркъым. Гуаэушхуэ ильэгъащ лъэпкъым, ди адэщхуэмэм кьащІэнэхэри хамэ къэралхэм зэрыпхькІэ ди бзэ тхьэмэу дыщыпсэуащ. Насыпышхуэу кьызолъытэ Зэкужьыр зэрыдгъуэтыжар. Хамэу зыкъытлытэжьырхьым, ди псэр тыншыжащ. Сэ си щІалэри кьуэрыльху цІыкІуэхэри къэсшэжащ, хьарзынэу курыт еджапІэхэм ахэр хэзэгъащи, согуфІэ. Абы нэхъ насыпуІыхьуэн?! Зэкур дгъэбагъуэу, дефІакІуэу, Іуэхуфі зэдэтщІэу Тхьэм дяпэкІэ дигъэлъагъу».

Зэкур зыгъуэтыжа ди лъэпкъэгъуэхэм я щІэблэр щапхъэ зэрыхъуным хуэдэу зэрагъасэр нэрылъагъущ. **Санэхэ Хьэлэ** (Кременчуг-Константиновкэ дэтІысхьэжа Санэ Нидалрэ Сэлуэрэ ялъхьжьащ, Сириием къикІыжащ) илъэси 9 фІэкІа мыхъуами, зыхэтыну Іуэхум жэуаплынныгъэ пылъу зыхуигъэхьэзырат. Адыгэ фащэр кьыщыпсу зэрыщІагъым къыдэкІуэу, и гупсысэ екІуэкІи ар къыддэгуэшащ: «Адыгэ Зэкур зыхуэдэу щытамрэ лъэпкъыр зыхэта гуэвэгъуэмрэ нэхъыжьхэм жаІэу щыІэхэхкІэ си нэпсыр кьокІуэ, си гур мэуз, - жеІэ хъыджэбз щыкІым. - ИстамбылакІуэм ди адэжьхэм кьахуихьа мыгъуагъэр егъэлеящ. Сытыт адыгэм мыхъумыщІагъэу илэжьар? СыткІэ дыщыуат? Ди Зэку лъапІэмрэ бзэ дахэмрэ пэІащІэ дыхуащІу ди лъэпкъэгъуэ дыщракъухьын хуей щхьэ хьуат? Дыхуейкъым зауэ! Зауэм дригъэзэшащ. Дэ дызыхуейр адыгэр зы дыхъужьныырщ, мамыру, узыншэу, тхъэжу дыпсэуныращ».

- Адыгэу дыкъыззэригъэщІам, адыгэлъ зэрытщІэтым щхьэкІэ сэ зэпымыууэ Тхьэм шыкур хузощІ. Зэкур илъэси 100-м щІигъукІэ зыхъумэфа нэгъуэщІ лъэпкъ щыІэкъым. ЩІхьэхуитынныгъэм щІзэзууэ зи псэ зытахэр Тхьэм жэнэткІэ игъэгуфІэ. Мыпхуэдэ Щыгъуэ махуэ дыщІиІэн щхьэусыгъуэ ди щІэблэм ямыльагъуу, лъэпкъыр узынщэу, мамыру, гуфІэгъуэ куэд зэдэтІэтыфу дыпсэуну сыхуейт. Адыгэр кьызэхуэсыжауэ Тхьэм дигъэльагъу. Ди бзэр, хабзэр дгъэкІуэд хъунукъым, ахэр кьыщекІуэкІ Зэкум нэхъ лъапІэ зыри мы дунейм теткъым, - кьыддэгуэшащ **СтІащ Сабри**.

БАГЪЭТЫР Луизэ.



154

(КІэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.)

Дэ зыхуэдгъэзащ абдежым гъунэгъуу щыт щІалэм.

- ЦІыпІынэхэ Идарщ къызэрызэджэр. Мы Іуэхур зэрекІуэкІым езгъэплъын мурадкІэ мы гъэм япэу кьызэдэсшащ, фи нэмыс нэхъ льагэ ухъуи, си Іэблэм тес, зи ныбжьыр ильэсипл1 фІэкІа мыхъуа си къуэ цІыкІуР, - жиІащ абы. - ДыщІызэхуэсым и мыхьэнэр пхужьмыІэным хуэдизу инщ. Ди Іуэхур зэбладзынкІ хьисэпкІэ, хэт кьыдэныкъуэкъуми, яхуэдэ хъунукъым. Ауэ щыхъукІи, ди блэкІам щыгъуазэ щІын хуейр дэ, балигъхэм, ди зэкъуэкъым, атІэ къытщІэхъуэ щІэблэри абы хуегъэджафхьэщ, хуэущиипхъэщ.

ЩІуейкъэм Лениным и уэрамымкІэ драгъэзэщ. Абы-хэм яужь иуващ адыгэ ныпхьуантІэшхуэр зэпзэшыІуэ сабийкъэмрэ щІалэгъуалэмрэ.

Гупым дахэту дыздэкІуэм, гу зылъыттауэ дгъэщІэгъуэахэм ящыщщ, зы илъэсым адрейр кІэлъыкІуэу, мыпхуэдэ Іуэхухэм зэдыхэтхэм ящыщу адыгэ фащэ зыщыгъэр кІуэ пэгми нэхъыбэ зэрыхьури, ди тхыдэр кьыдэзыгъэщІэж, и хуэмэбжьымэхэм яжь кьытщІезыгъэху ІэмалыщІэхэр кьызэрыунэхури, ахэр лъэпкъым ифІкІэ екІуу кьызэрагъэсэбэпыфри.

ЩІалэгъуалэм нэмыщІ лъэс зекІуэм хэтащ адэ-анэхэр, дадэхэр, нанэхэр, егъэджакІуэхэр, кьулыкъущІэхэр, нэгъуэщІхэри. Уэрам нэхъыщхьэм ирикІуэхэм ПСэ жыгымкІэ щауэнэтІым, дз дыбГэдыхьащ япэщІыкІэ зищІысыр къыдгурымыІуэщ, зыбГэдыхьи кьыхуэзи адыгэбзэкІэ хуиту щепсальэм, шыни щтэІэщтаблагъи зыздэдмыльэгъуа щІалэм.

- ДыгъуасэТыркум къикІыу Къзбэрдейм автобускІэ кьихьа цІыху 43-м сащыщщ. Адыгэбзэр балигъ сыхЪуауэ зззгъэщІэжауэ аращ. Хэкужьым исхэм анэдэлъхубзэкІэ сазэрепсэльэфым, сызэрызэхащІыкІым срогушхуэ, сроин. Иджы еТІуанэу сыкъокІуэ, дяпэкІи Гъэгу сыкъытетехьну си мурадщ, - жиІащ Думэныщхэ Фэрид.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Гъыбзэхэм къаІуатэ

Илъэсищэм щІигъукІэ екІуэкІа Кавказ зауэм хэкІуэда адыгэхэм я фэеплъ сыным деж накъыгъэм и 20-м лъэпкъ уэрэдыжьхэм я пшыхь гукъинэжь щекІуэкІащ.

ЯПЭЩІЫКІЭ кьызэхуэсахэм кІэщІу ягу кьагъэкІыжащ лъэпкъгъэкІуэд кьытхуэзыхьа, адыгэ минищэ бжыгъэхэр зыхэкІуэда Урыс-Кавказ зауэм и тхьдэ гущІэгъунщэр.

Пъэпкъ фащэ екІуэ кьащІыпсу пшыхьым зэхуишэсащ ди щхьэм кьрикІуа лъапсэрых зауэжьым къытхуихьа гуэвэгъуэр зи гущІэм нобэр кьызэдэсым щызыгъэвхэр. Пшыхьым кьрихьэлІахэм я нэгум кьибджьыкІырт адыгэр зэкъуэзычу дуней псом тезыпхъа зауэ гущІэгъуншэм хэкІуэдахэм я псэр тыншыжьыным, апхуэдэу гур хэзыгъащІ напэкІуэцІ ди лъэпкъ тхьдэм дяпэкІэ кьыхэмыхуэжьным ахэр зэрыщІэхъуэпсыр.

КьрихьэлІахэм щІэщыгъуэ ящыхъуащ «Кавказ» цІыхубз уэрэджьІакІуэ гупым ягъэзэщІа гумрэ псэмрэ ехуэбылІэ, тхьдэ напэкІуэцІхэр зи лъабжьэ адыгэ макъамэхэр. Апхуэдэу кьызэхуэсахэм я нэпсыр кьриГъэкІуащ икІи ягу ирихьащ насыпныщагъэрэ гукъутэкІэ гъэнщІауэ пшыхьым щыІуа усэхэр. Концерт нэужьым пшыхьым хэтхэм пагъэнащ фэеплъ щэху уэздыгъэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Зейнэ и зэфІэкІ

Хабзэ зэрыхъуауэ, илъэс кьэс накъыгъэм и 21-м, Адыгэ лъэпкъым и щыгъуэ-щІэж махуэм хуэгъэпсауэ Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым гъэлъэгъуэныгъэ кьыщызэІуах. Мы гъэм утыку кърахьат Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъу пщащэ Іэпэіэсэ Къэрэгъул Зейнэ и сурэтхэмрэ Сэралъп Мадинэ и фащэ екІуэмрэ.

ПСЭ ЖЫГЫМ мин бжыгъэкІэ екІуэлІа адыгэ бынхэм ящыщ куэд выставкэм еплъащ. Пэжу, дапщэрэ кьытебГъэзэжми защыбГъэнщІыркъым пэщащІ и Іэужь дахэр кьызытещ фащэхэм, адыгэ тхыпхъэхэмрэ теплъэгъуэхэмкІэ Зейнэ зэхигъэуба сурэтхэм.

Къэрэгъуэ Зейнэ 1978 гъэм Иорданием щыщалъхуащ. Лондон дэт университетхэм ящыщ зым щІэныгъэ щызригъэгъуэтащ. 2010 гъэм ар япэу Хэкужьым щыхьэщІам и мызакъуэу, и адыгэбзэри нэхъыфІыжу щызригъэщІащ. Амман щыпсэуну Іэпхъуа иужьщ и зэфІэкІхэр нэхъ наІуэ кьыщыхъуар. СурэтыщІ унагъуэм кьыщыхъуа хъыджэбзым и ІэдакъэщІэкІхэр нэхъыбэу каллиграфие, геометрие жыпхъэхэм итт.

2014 гъэм абы и творчествэм, и дуней еплъыкІэм зихъуэжьри, сурэтхэр гъэщІэгъуэну зэхигъэувэн щІидзащ. Журнал, газет зэмылІэужьыгъуэхэм зэщымыщу кьыхуигъэжа сурэтхэм гупсысэ хэха зиІэ теплъэгъуэ кьыхэщІыкІынырщ узыгъэгупсысэщ икІи хуабжьу удэзыхьэх Іуэхугъуэщ. Зейнэ зэузэфІэкІырт апхуэдэ щІыкІэкІэ еэым и дуней кьигъэщІыжьын. Хъыджэбз Іэпэіэсэм екІуу куэд зэхеухуанэ. ГъэщІэгъуэнракъэ, абы и щэнхабз дунейр зэподжэж икІи пасэрей сурэтхэм гъащІэщІэ яретыж сурэтыщІым.

«Хэкум и пщІыхьэр» фІэщыгъэм щІэту къэралым и ІэдакъэщІэкІхэм я гъэлъэгъуэныгъэ щхьэхуэ нэгъабэ Налшык щыхуащІауэ щытащ. Лъэпкъыр зыщІэгупсысыжу псом хуэмыдэу щызэкъуэувэ а махуэм Артцентрым и пэшым утыку кьыщрахьа дахагъэр ди щэнхабзэм и беягъэм, Іэпэіэсагъэм, зэфІэкІ льагэм и щыхьэтщ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

КІарэ Анатолэ и цІэр иджы зэрехьэ

Налшык къалэм дэт «Гимназие №4» муниципальнэ кІэзонэ еджапІэм фІащащ Урысейм и Лыхъужь милицэм и полковник КІарэ Анатолэ Сулътан и къуэм, лІыгъэрэ хахуагъэрэ кьигъэльагъуэу 2008 гъэм щІышылэм и 12-м бзаджащІэхэм яІэщІэкІуэдам, и цІэр.

КІАРЭ АНАТОЛЭ 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м Налшык къалэ кьыщалъхуащ. 1974 гъэм абы кьиухащ курыт еджапІэ №24-р, а гъэ дыдэм КъБКъУ-м физическэ гъэсэныгъэмкІэ и факультетым щІэтІысхьащ.

1981 гъэм къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ органхэм лэжьэн щыщІидзащ, Налшык къалэ и оперуполномоченнэу яГъуэващ. 2005 гъэм и шыщхьэуІум КъБР-м щыІэ МВД-м и УБОП-м и унафэщІ къулыкъум пэрыуващ.

Фэеплъ зэхьихьэм хэтащ къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министру къэшІэжьмкІэ и советым и Секретарь **Тату Къазбэч**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и министр **Алэкъей Арсен**, Іуэхуэщ1апІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІхэр, къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ Іэнатіэхэм я ветеранхэр, КІарэ Анатолий и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

Ромашкин Игорь жиІащ КІарэ Анатолий нобэми зэращымыгъупщар икІи ягу зэрилъынур. Министрым КІарэм и адэ-анэм, Іыхьлыхэм яжриІащ сыт щыгъуи щІэгъэкъуэн зэрахуэхъунур.

- Анатолий лІыгъэрэ хахуагъэрэ кьигъэльагъуэу япэщІэтащ гуп зэрыгъэхъуа бзаджащІэхэм. Зи ІэщІагъэм хуэІэижь, Іуэхум куууэ хэзыщІыкІ унафэщІыр и лэжьэгъуэм, и нэІэм щІэтхэм я дежкІэ щапхъэу щытащ. И ГъащІэр иухьху цІыхугъэ зыхэлъ офицер нэсу зыкъигъэльэгъащ, - жиІащ министрым.

Урысейм и ЛІыхъужьым пщІэ хуащІу школым и еджакІуэхэр усэхэм къеджащ, къэрал кІуэцІкъулыкъум и капитан Фединэ Любовь «Зажгите свечи» уэрэдыр игъэзэщІащ.

Тату Къазбэчрэ Алэкъей Арсенрэ псалъэ гуапэ жраІащ КІарэ Анатолий и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

ХэкІуэда офицерым и шыпхъу КІарэ Зое кьызэхуэсахэмрэ Іуэхур кьызэзыгъэпэщащэхэмрэ фІыщІэ яхуищащ, кьыхуащІа гупылитэм папщІэ. Абы гимназием и еджакІуэхэр кьыхуриджащ гъэсэныгъэ яхэлъу, ди щыналъэм хьыхуэщхьэпэщу дяпэм тетыну.

Къызэхуэсахэм удз гъэгъахэр щагъэтІылъащ КІарэ Анатолий и фэеплъым деж.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Хэкум сепсэлъэжу»

Накъыгъэм и 21-м Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым ди лъэпкъэгъу КІэдыкІуей Эркан и тхылъыщІэм и лъэтеувэ щыхуащІащ.

А ЗЭХЫХЬЭ дахэм кьрихьэлІат хэкурысхэри, щыгъуэ-щІэжым хэтыну кьытхуеблагъэжа ди лъэпкъэгъу куэди. «Хэкум сепсэлъэжу» тхылъыр КІэдыкІуей Эркан и япэ тхылъщ, уеблэмэ аращ адэжь щыІналъэм къэзышэжари.

КІэдыкІуейр 1969 гъэм Тыркум кьащІалъхуащ, Уэун-Яйла хьихьэ ШыкІэбзэхуэй кьуажэм кьыщыхъуащ. Электрик Іэщ1агъэм хуеджащ, зэрылажьэри араща.

ЭкономикэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зрегъэгъуэт. Къайсэр бынунагъуэу дэсщ, бынитІ иІэщ. Эркан езырезыру адыгэбзэкІэ тхэкІэ, еджэкІэ зригъэсэжащ.

КІэдыкІуейм и тхылъ кьыдигъэкІыну ягъуэ жэрдэм зыщІар тхакІуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хъанакъуэ Заринэщ. Эркан Интернетым кьрилъхьэ и усэхэм кІэлъыплъыурэ, тхэн щІэзыщІагъащІэ куэдым емыщхь хъэтІ зэрриІэм, гупсысэ гъэщІэгъуэн зэрыбГэздэлъым гу лъызыта Заринэ мурад ищІат ахэр тхылъ щхьэхуэу кьыдигъэкІыну. Мазэ зыбжанэ ипэ Хъанакъуэм дунейм кьытригъэхьа усэ тхылъым кьыщІэкІа ахъшэр Эркан ейм хилъхьащ. «Тхылъым и пІэ тхылъ» зыфІаща проектым лъапІэ махуэ зэричар щынэрылъагъут а пшыхьым. Тхылъым и макетыр Щоджэн Жаннэ ищІащ, сурэтхэр зейр фащэм елэжь, дизайнер Сэралъп Мадинэщ.

- Илъэсих-блы хуауэ соджэ Хъайсэр щыпсэу ди лъэпкъэгъу КІэдыкІуей Эркан и тхыгъэхэм. Ар бзэм зэрегугъур, игу илъ, игу къэкІ куэдыр ди анэдэлъхубзэмкІэ кьызэриІуэтэфыр сфІэгъэщІэгъуэну, си щІэщыгъуэу сыкІэлъоплъ, - жиІащ Къанакъуэ Заринэ пшыхьым и пэщІэдзэм. - Интернетыр Іэмэпсымэфщ, адыгэри дызэрегъэгъуэт. Эркан Хэкумрэ и лъэпкъэгъуэхэмрэ псалъэкІэ яльэІэсыну и нэ кьикІыу итхахэр хэмыгъуэщэжьи, цІыху нэхъыби еджэн пащІэ, дауи, зыгуэрым кьриткъыкІыжьи Хэкум кьыщалъхуахэми кьыдигурыІуэн хуейщ ар...

Ди япэ итахэм яІурылъа адыгэбзэм и Іэфлагъыр тхуэзыхэщІэху адыгэу дыщыІэнущ. А бзэм и ныдарур щІэльщ мы тхылъым ит псалъэуха кьэс, усакІуэм и псэ къарукІэ псыхьыжауэ. Си фІэщ мэхъу ар Хэкум зэрызэхихьыр.

«Адыгэ унэ» тыкуэныр зей **ІутІыж Мэжид** кьыщыпсалъэм Эркан и тхылъыщІэмкІэ ехьэхъэури, зэкум кьигъэзэжьыну кьыхуриджащ.

КІэдыкІуейм хъуэхъу псалъэ дахэкІэ зыхуигъэзащ КъБР-м и ЦІыхубз артист **Нэхущ Чэрим**.

«Хэкум сепсэлъэжу» тхылъым щызэхуэхьэса усэхэм адыгэ фащэкІэ зэхэпаУ кьеджа ныбжьыщІэхэм гур хагъахьуэрт, псэр ягъэгушхуэрт. «Лъэпкъым къэкІуэн иІэну?» - упщІэр абдеж кьыщыуыхьхэртэкъым.

ІэмыщІэ из фІэкІ мыхъу а тхылъ цІыкІум хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ нэхъри нэхъ зэпэгъунэгъуэ зэхуащІ, дяку дэлъ лъэмыжхэм кьаэзэрыхигъэхъуар хьэкъущ.

И Іуэхур кьыдэзыыІагъэхэм, и тхылъыр дунейм кьытехьэнымкІэ сэбэп хуэхъуахэм фІыщІэ яхуищІащ КІэдыкІуей Эркан.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

КІэдыкІуей Эркан

Лъэужь нэху къытхуэзыгъэна ди ХьэІишэт

Гъащ1эм и кІыхьагъыр зыми ищІэркъым. Абы дызыщрихьэлІэ цІыху псори ди гум кьинэркъым. Дэ тщымыгъупщэр дуней тетыкІэ дахэ, Іуэху зехьэкІэ екІу, пщІэрэ нэмысрэ зыхэлъу дызрихьэлІахэрщ. Апхуэдэхэр кьытхэмытыжми, ди гум илъщ, ди гупсысэхэр абыхэм епхауэ зэманыр идохьэкІ.

АПХУЭДЭУЩ дунейм зэрытетар бзылъхугъэ щыпкъэу, щхьэгъуэз пэжу, анэ гумащІэу, анэшхуэ Іэфу щыта си нысэгъу нэхъыжькъ ШЭмпІар (Батыр) ХьэІишэт Хьэбас и пхъур. Мы маазэм илъэситІ мэхъу ар дунейм зэрехьажрэ...

ШЭджэмэ щыналъэм хыхьэ ШЭджэм Езанэ жьлэм 1954 гъэм и нахъыбгъэ мазэм кьыщалъхуат ХьэІишэт. Адыгэ хабзэрэ нэмысрэ зэрылъ унагъуэ дахэм кьыщыхъуа бзылъхугъэ щыпкъэр нысэ яхуэхъуат Аруан щыналъэм хыхьэ Старэ ШЭрэдж щыпсэу ШЭмпІархэ. Абырэ и щхьэгъусэ Лиуанрэ зэгурыІуэрэ зэдэІуэжрэ зэрылъ унагъуэ быдэ яухуат. Зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэжу бынилІ зэдагъуэтат зэщхьэгъусэ насыпыфІэхэм. Залинэ, Аслъэн, зэтІолъхуэныкъуэхэу Маринэрэ Мадинэрэ кьэхъущ я нэхъыжьыфІхэр я щапхъэу, балигъ гъащІэми кьэуащ, щІэныгъэ, фІыуэ ильаГъу Іэщ1агъэ яІэу. Адэ-анэр щыгуфІыкІат я бын нэхъыжьхэр унагъуэ зэрыхъуамрэ, апхуэдэ фІыгъуэхэр дальагъуну хуэхъуапсэрт хъыджэбз нэхъыщІэхэми... АрщхьэкІэ и гурылъ псоми хунэмысу илъэситІ и пэкІэ и дунейр ихъуэжащ псэ кьабзэ зиІа ди ХьэІишэт дахэм.

Сщыгъупщэркъым а бзылъхугъэ Іэдэбым дэсльэгъуа хьэл-щэн дахэр. Ар хуабжьу кьытхуэнабдзэгубдзаплъэт и Іыхьлыхэм, благъэхэм. ХьэІишэт жеІэни хуейтэкъым зыгуэр ущыхуэныкъуи, ущыхущыІи - абы псэкІэ зыхищІэрт хэт сыт хуэныкъуэми икІи дапщащи хьэзырт ІуэхукІи мылъкукІи зыкъыщигъэкъуэну. ГущІэгъу зыхэлъ и цІыху жумартыр апхуэдэу яхущытт куэдым. Иджыри маухэл дэмыкІыу дытопсэльыхь ХьэІишэт бГэдэлъа Іуэху зехьэкІэ дахэм, гупсысэ щэщІам, псэ хьэлэлагъым, гу щабагъым.

Хуабжьу кьыдохьэлъэкІ абы и щымыІэжьныгъэр. Псом хуэмыдэжу а гуауэр зыхащІащ ХьэІишэт кьыщІэна и унагъуэм: и щхьэгъусэ Лиуан, и бын дыгъэхэм, ХьэІишэт кьызыхэкІахэм. ХэщІыныгъэр псэкІэ зыхэтщІащ ХьэІишэт гъунэгъуу зыщІыхуу псоми. Гуауэр щэчыгъуафІэ, Іэтыгъуафі Тхьэм яхуищІ я щІалэ заКъуэми я хъыджэбзищми. Куэдрэ Тхьэм хъащхьэщигъэт абыхэм я адэмрэ анэ пэлъытэу кьахуэна я анэ щыпхъу ФатІимэрэ.

Зи дуней тетыкІэкІэ, ІуэхущафэкІэ, кьыщІэна щІэблэкІэ ЛъэужькІ нэху дунейм кьытезына ди ХьэІишэт жэнэткІэ Тхьэр зыхуэупсахэм ящыщ ухъу. А цІыху щыпкъэм и фэеплъыр ди гум сакъыу куэдрэ щыхтхъумэнщ.

ШЭМПІАР (КЪАРЭ) Мадинэ.
Къэхъун кьуажэ.

● Бахьсэн щІыналъэ

ЗифІ зыгъэлъапІэхэр

Зэман зыбжанэ хъуауэ си гум щызгъафІэрт Къардэнгъущ Зырамыку теухуа фэеплъ пшыхь гуапэ Бахьсэн районым зэрыщрагъэкІуэкІам папщІэ фІыщІэ яхуэсщІыну. Ауэ абыи сыхунэмысауэ, си деж къэпсэлъащ Бахьсэн районым Щэнхабзэ - зыщагъэпсэху и центрым и методист нэхъыжь, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Зэгъэщтокъуэ Людмилэ икІи къызжиІащ Пащіэ Бэчмырзэ теухуа пшыхь-зэпеуэ ар къызэралъхурэ илъэси 165-рэ еТІанэгъэ зэрырикъум и щІыхькІэ зэрагъэхьэзырыр, абы Бахьсэн районым и куриут еджапІэм щІэсхэр зэрыхэтынур. Ар си деж жьы къабзэ Іубыгъуэт, адыгэ лъэпкъым и къуэ пажэр зэращымыгъупщэм и нэщэнэ гуапэт.

«ЕЛЪРЭТ абыхэм, сегупсысащ сэ, - аргуэрыжьти бахьсэндэсхэр япэщ». Сигу къэкІыжащ Бахьсэн щыщ зыгуэрым вертолёт ищІауэ пасэу хъыбар къэІуауэ зэрыщытар. Ёш зэрамыщІэм хэт щымыгуаэзэр, урипсэуфын хуэдэу мылъку къыпкІыну япэу бахьсэндэсхэм ямыублэри сыт?! Мыізрысэ ешэжьэнри, нэгъуэщІ щыпІэхэм Іэщхэр кърашуурэ пыр гъэгъупІащ (ар апхуэдэу пщэ хъууэ нэгъуэщІхэм иджыри щамыщІэм) ящэнри, нэгъуэщІ куэди.

Сигу къэкІыжащ Тэрч ерыскъы щагъэхьэзыр и комбинатым, абы и унафэщІ Хьэжу Анатолэ сригъэблэгъауэ, уэрэд щыжысІауэ зэрыщытар. ЗгъэзэщІахэм ящыщт «Шэуклэт Нэхунэ и уэрэдыр». Къызэхуэсахэм яхуэсІуэтат ар КалифорниемкІэ щыпсэу Шогуэ Мукэрэмрэ Шыкъ Мухьэмэд-Хьидрэ къызжаІауэ зэрыщытар. Пэшым щІэсхэм я упщІэхэмкІэ сыщІагъанэу щІадзащ: «Дауэ адыгэхэр абы щыпсэурэ, я бзэр ящІэжрэ? Сыт хуэдэ а Америкэ хъужыр? Диснейлендыр дауэ къыпщыхъуа?» Сэ жеСІаращ абыхэм: «Мелуанырыбжэ Дисней а къалэм и дахагъэм мылькуу иІэр тригъэкІуэдащ. Да ди Іуащъхьмахуэ, Щэджэм псыкъелъэхэр, Гъэл щхъуантІэкІэр, Щэнтхъурей гуэлыр, нэгъуэщІхэри щІыхуІэ хуэныкъуэкъым, дуней псом щыпсэуэкІэ къэзэрыхуэдэхьыкІ дахагъэ яІэу къыгъэщІащи».

Къыскуэвгъэгъу, тІэкІу сытехьэупеикІащ къалэмыщ къыщІэсщтам. АтІэ, жьипІэнурамэ, цІыху гъуэззэджэхэу Дым Іэдэм, ЦІагъуэ Нурий, ЩоджэнцІыкіу Алий къыщалъхуа Бахьсэн щІыналъэр къулеин хуейкъэ абыхэм яхуэфащэ щІэблэкІэ? Мис ар зэрыбэяныр хьэкъ щысщыхъуащ сызрагъэблэгъа зэІуІэщІэм.

Пшыхьыр щаублащ музейм и пэшым. ПащІэ Бэчмырзэ и къэпшыпу, и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ ехьэлІауэ здэсщахэр яфІэгъэщІэгъэну зэпалпъыкІащ, жысІэм нэхъуеиншэу къыщІэдэлуащ еджакІуэ цІыкІыхэр. Куэд зи нэгу щІэкІа адыгэ лъэпкъ хьэпшыпыхьхэм нэмыщІ, музейм утыку къыщрахьат Іэпщ1элъапщІэ БатІитІэ Мухьэмэдэ абы и гъэсэнхэмрэ я Іэдакъэщ1экІэхэр. Сыту фІыщІэ зи лъэпкъыр апхуэдизу фІыуэ зыльагъу, гукІи псэкІи абы хуэпэж цІыхухэр дыззрилэр! БатІитІэм и Іэрыкіхэр уфІэмыгъэщІэгъэнынкІэ Іэмал иІэкъым.

Зэпеуэ щІыкІэу яубла зэхьыхьэр абы кърихьэлІа псоми яхуэгъэза фІэхъус псалъэхэмкІэ, Пащіэ Бэчмырзэ теухуа и усэкІэ къызэІуихащ Зэгъэщтокъуэм.

Пащіэ Бэчмырзэ

Сыроплъэр хуэму ди блэкІами,
Дадэ Іущ, Іумахуэр си гум къохьэр,
Абы пІанда зэман куэд дэкІами,
Теплъэ екІур нэгум къыісфЫщІохьэр.

Ди къэкІуэнум щІэгупсыс а дадэр
Кьигъэнэну щІэкъурт дэ ди тхыбзэ,
Хуейт и лъэпкъ увыну и лъэр быдэу,
МыкІуэдыжу ди адыгэ хабзэ.

Пащіэ лъэпкъым къахэкІа лІы Іущым
Ди адыгэ тхыдэр ищІт Іэпэгъуи,
Тхыбзэр псэкІэ щІэкъут абы пищІэну,
Ар зэІуищэу пшынэ Іэпэ гуэгъуу.

ЦІыху гукъеуэр гъыбзэу иусыжьрт,
Я гуфІэгъуэри пшыналъэу ишэщІт,
Ди усакІуэу лъэпкъ и щІалэ Іущым,
Псалъэу жиІэми къаруушхуэ щІэлът.

Ди Бэчмырзэ, ди адыгэ тхыбзэм,
Хэзышам и лъагъуэр уэ уащыщщ,
Мэхъу си фІэщ, щыІэжыкІэ адыгэбзэр,
Уэри лъэпкъым щІыгъуэу упсэунщ.

ИтІанэ Людэ утыкум къригъэблагъащ пшыхьыр езыгъэкІуэкІыну Елбэрд Маринэрэ Зыкъэхьуэ Іэмыдзэр. Абыхэм зэхьэзэхуэр къызэІуаха иужь, псалъэ ираташ «Кавказ» цІыхубэ ансамблым и унафэщІ икІи и уэрэджыІакІуэ, Зеикъуэ дэт макъамэ школым и унафэщІ Жылау Арсен. Ар зэпеуэм хэтыныхэм ехьэхьуащ тегушхуауэ я зэфІэкІ ягъэпъэгъуэну.

Бахьсэн районым егъэджэныгъэмкІэ и управленэм и лэжьакІуэ Нанэ Любэ зи пашэ хъэпщІакІуэ гупым хэтащ уэрэдыс Щомахуэ Хьэсэнбий, щыналъэм и библиотекэхэм я Іуэхущ1апІэ хэхам и унафэщІ Нэгъуэй Мадинэ, Щэнхабзэ - зыщагъэпсэху центрым и тхьэмадэ Тембот Хьэчим, сэ.

Ялэ дакъикъэхэм щыщІэдзауэ наІуэ хъуат «Къулъкъужьи» гупыр нэгъэсауэ абы и унафэщІ Къуэщ1ысокъуэ Мадинэ зэригъэхьэзырар. Іэхъуэбэч Ислъам къоджэ Бэчмырзэ и усэ. Пэшым щІэсыр мэзэхащ. Артист хьэзырщ нэсри къэсыжауэ!

Къэсейхьэблэ къикІа «Пэжьыгъэ» гупым хэт Хьэжъул Сабинэщи, и адыгэбзэ гъэхуам псори дихьэхащ. ЖьипІэнурамэ, зэхьэзэхуэм хэта сабийхэми абыхэм я унафэщІхэми я дежкІэ щытхъу псалъэ гуапэу щыІэр егъэлея хъунукъым апхуэдизкІэ гурэ псэкІэ Іуэхум бгъэдыхьащи.

ЗэІущІэм и къэпщытакІуэ гупым къыхигъэщхьэхукІэхэм я цІэ ираІуащ. Ялэ увыпІэр хуагъэфэщащ ищхьэкІэ зи гугъу тщІа «Къулъкъужьи» гупым. ЕтІуанэ хъуащ «Пэжьыгъэр». Куба къуажэм и «Сэтэней» гупым (унафэщІыр Мэлбахьуэ Мадинэщ) ещанэ увыпІэр лъагъэсащ. Кыщпэк жылэм къыбгъэдэкІыу зыкъэзыгъэлъэгъуэ сабийхэм, «ШыхуІэлъагъуэ» зыфІэзыщыжахэм, зэпеуэм зэрыхэтам папщІэ Бахьсэн районым кьэбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъ ираташ.

Апхуэдэуи фІыщІэшхуэ яхуэфащэщ Пащіэ Бэчмырзэ кьызэралъхурэ илъэсыи 165-рэ зэрырикъу зыгъэльэпІэну мурад зыщІахэм я гукъэкІ дахэр дэзыІыгъахэу Бахьсэн районым и къуажэ адамиятрацэм и тхьэмадэ Абрэдж Хьэутийрэ сыт хуэдэ Іуэху дахэ кьрахьэжьэми абы хэт, защІэзыгъакъуэ Бэрокъуэ БетІалрэ.

Афэрым, бахьсэндэсхэ!

ПАЩІЭ Ленэ.

Тхыдэм и къэхутакІуэ

● Ди псэлъэгъуахэр

КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм и ТхакІуэхэмри Режиссёрхэми я зэгухьэныгъэхэм хэт, тхыдэтх, экономикэ, философие щІэныгъэхэм я доктор, кинорежиссёр, сценарист, продюсер, композитор, уэрэдыс, дирижёр, псалащІэ Къандур Мухьэдин «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІэщым къыткуеблэгъащ. Ди лъэпкъэгъу цІэрыІуэм къехъулІа лэжьыгъэхэм, иджыпсту зи ужь итхэм я гугъу къытхуищІащи, ди гуапэу фІыщІидогъэгъуазэ.

Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэн Алий, Къандур Мухьэдин, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд.

- Мухьэдин, кином ехьэлІауэ иджыпсту зи ужь уит пэжьыгъэхэр сфІэгъэщІэгъэнущ.

